

## ЦАРД АМОНДГУНÆЙ ХУÆДЗУНД ÆМА НИФСХАСТ АДÆМ АРАЗУНЦÆ!..

***Номдзуд уруссаг критик Виссарион Белинский финста: «Хецæн адæмти æма еугур адæмти царди дæр фæуúй æнамонд рæстæгутæ. Уæд æнæгъæнæ фæлтæртæ нивонд хаст æрцæунцæ фæстæдæри фæлтæртæн. Фудрæстæг райевгъуйуй æма лæгъуздзийнадæй райгуруй хуарздзийнадæ...» Раст цума Украини туххæй загъд æй...***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№8 (834) 2022 анзи 22 мартъи – кæрдæгæзмæлæни мæйæ

Аргъ 1 туман




# ТУХСТ АДÆЙМАГМÆ ФÆККÆСУН – УОДИБÆСТÆ

«Рацæут нæм, рацæут, Ирмæ уæ хонæм мах!..»

Хестæр фæлтæртæй ма беретæ гъуди кæндзæнæнцæ, аци дзурдтæ советон доги ахид райгъусиуонцæ нæ дзиллæн зæрдтагон зартæй еуеми. Æма се ‘цæгдзийнадæбæл секк неке кодта – Иристони цитгиндæр æгъдæуттæй еу адтæй иуазæгуарзондзийнадæ. Æности дæргъи дæр уотæ адтæй. Уæлдай рæвдудæй ба нæмæ исбоц кæниуонцæ, тухст уавæрти ка бахауидæ, уони.

Абони дæр бабæй нæ Иристони дзиллæ æвдесунцæ сæ еци уодибæстон æгъдау – зæрдиагæй исиуазæг кодтонцæ, Украини нури разамунд Донецк æма Лугански республикити ци æверхъаудзийнæдтæ аразунцæ æма си фæйййервæзуни зæрдтæй, уордигæй ка фæлледзæги æй, еци сабур цардæй цæрæг адæми.

Сæ фулдæр – сабийтæ. Æма сæ баравдаунæн арæзт цæуй берæ аллихузон мадзæлттæ. Уонæн сæ ахсгиагдæр æй, цæмæй еци кæстæртæ сæ ахури гъуддаги къулумпи ма баййафонцæ. Æма сæ бакодтонцæ Дзæуæгигъæуи астæуккаг скъолатæмæ.

Сабийтæ хъæбæр бацийнæ кодтонцæ, уæхæн равгæ син ке фæззиндтæй, уобæл. Æма куд нæ бацийнæ кодтайуонцæ! Донбассаг сабийтæй беретæн сæхемæ цалдæр мæйи дæргъи ахурмæ цæуни фадуат нæ адтæй.

Республики сæйраг сахари 43-аг æма 44-аг скъолати ахургæнгутæ æма ахурдзаутæ иуазгути æрбацудбæл бацийнæ кодтонцæ. Еуæй-еу донбассаг сувæллæнттæ уæхæн кадгин фембæлдæн æнгъæл нæ адтæнцæ.

3

## ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

**Æ РАФИНСУНИ АРГЪ 2022 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ. ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ.**


Дигорæ

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР**

## АХСГИАГ ГЪУДДАГ

## ЦИТГИЙНАГ ЦАУТÆН – АККАГ КАДÆГОНД!..

Куд зонæн, утемæй нæ республикæ æхе цæттæ кæнуй дууæ ахсгиаг цауей бæрæгбæнттæмæ – аци анз æнхæст кæнуй 1100 анзи Аланистони исаргъудбæл, 2024 анзи ба – 100 анзи Цæгат Иристони автономибæл. Етæ цæйбæрцæбæл агъазиау цаутæ ‘нцæ, е бæлвурд æй уомæй дæр, æма Уæрæсей Президент **Владимир Путини** унаффæй бæрæггонд цæудзæнæнцæ сауæнгæ федералон æмвæзади дæр.

Аци бæрæгбæнттæ цитгинæй исбæрæг кæнуни фæдбæл ци аллихузон мадзæлттæ нисангонд æрцудæй, етæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уомæ еудадзугон цæстдард ес нæ республики разамунди ‘рдигæй. Æрæги бабæй еци фарстатæмæ æркастæнцæ Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** разамундæй сæрмагонд æмбурди.

Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Туйгъанти Ларисæ** куд радзурдта, утемæй Аланибæл исаргъуди 1100 анзи исбæрæг кæнунæн 2022 анзмæ нисангонд мадзæлттæ æнхæстгонд æрцудæнцæ. Фал ма циуавæрдæр фарстатæбæл гъæуй бакосун.

Зæгъæн, ирон литератури Музейи æндаг фарсмæ паддзахадон бадзурди фæрци базилдæнцæ. Фал, цæмæй музейи экспозицитæ алкæд косонцæ, уой туххæй гъæуама бæсти хай бундоронæй цалцæггонд æрцæуа, реставрацион гъуддæгутæ си исæнхæст кæнонцæ. Нæййес фагæ равдистон ефтонггæрзтæ. Нуртæккæ проектон-хæрзтæн фæрæзнитæ агорунцæ.

Сергей Меняйло бафæдзахста арæзтадæ æма архитектури Министрадæн, цæмæй гъæугæ гæгъæдитæ бацæттæ кæнонцæ, фæрæзнитæн дæр сæ бæрцæ фæббæлвурддæр кæнонцæ. Аланий исаргъуди бæрæгбони сæйраг нисантæй еу æй алайнаг мæсугтæ æма киристон символти хæццæ баст културон бунæттæ багъæуай кæнун. Уонæмæ берæ рæстæгути цæстдард нæ цудæй æма сæ уавæрмæ гæсгæ бундоронæй базелуйнаг æнцæ, кæцидæртæ ба иснæуæг кæнун багъæудзæнæй.

2

*Номдзуд Михаил ЛОМОНОСОВ (1711-1765) финста: «Устур фудæбони фæрци хуарз ракæнун дæ къохи ку бафтуйа, уæд фудæбон æрбайсæфдзæнæй, хуарз ба байзайдзæнæй. Зæрдрохсæй фуд ку ракæнай, уæдта дæ зæрдрохс æрбайсæфдзæнæй, фуд ба байзайдзæнæй...»*


Аргъауæн Уæллаг Мизури.

# ЦИТГИЙНАГ ЦАУТÆН – АККАГ КАДÆГОНД!..

1 Хуарз æма, куд фæстаг цалдæр анзей дæргъи, уотæ аци анз дæр еци объекттæбæл барæвдзæгæнæн куститæ цæунцæ. Уой фæрци сæ бакаст фæннивæбæлдæр уодзæнæй. Уæхъæци гъæуи астæуккаг æноси арæзтитæн, Хъесати гъæуи Цитгин Георги Уæлахезхæссæги аргъауæнæн, Уæллаг Зæрæмæги Георгий аргъауæнæн, Заманхъули Зулун цирæн.

Национ музейи директор **Цуцити Аслан** куд фæббæрæг кодта, уотемæй кадгин мадзæлтти еу хай цæудзæнæй музейи фæзуати. Арæзт си æрцæудзæнæй равдиститæ «Аланий Сугъдæг бунæттæ», «Аланибæл исаргъуди 1100 анзи», исаргъуди хæццæ баст музейи алкæд косæг экспозицитæ. Гъуддæгутæ цæудзæнæнцæ аци анз август-октябри.

Бакæнуйнаг гъуддæгути туххæй республики Сæргълæууæг министртæ æма ведомствити разамонгутæн бæлвурд унаффитæ бафæдзахста.

***

Аланибæл исаргъуди 1100 анзей бæрæгбон исбæрæг кæнуни фæдбæл нисангонд мадзæлттæбæл нæ республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис** æрдзубанди кодта, æрæги ин Мæскуй Уæрæсей Культури министри хуæдæййевæг **Ольгæ Яриловай** хæццæ ци гъуддагон фембæлд адтæй, уой рæстæг.

Сæ дзубандий рæстæг куд нисангонд æрцудæй, уотемæй аци бæрæгбон æй ахсгиаг æма уомæ цæттæ кæнуни фарстатæмæ бæлвурдæй каст цæудзæнæй мартъий кæрони сæрмагонд æмбурди. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма Оргкомитетæн разамунд дæттуй Уæрæсей Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Дмитрий Чернышенко.** Паддзахадон æмвæзади кадгин мадзæлттæ конд æрцæудзæнæнцæ 24-25 сентябри. Бæрæгбони гъуддæгти пълан еумæ искодтонцæ Цæгат Иристони Хецауадæ æма Уæрæсей культури Министрадæ.

Уомæй уæлдай ма республикæ æхе цæттæ кæнуй Цæгат Иристони равзурди 100 анземæ. Уой туххæй Указ бафинста Уæрæсей Президент. Оргкомитетæн разамунд дæттуй нæ бæсти культури министр **Ольгæ Любимова**. Сæйраг мадзæлттæ ‘нцæ 15, уонæн 2022-2024 æнзтæн радех кодтонцæ 212,5 миллион соми. Аци анз бавналдзæнæнцæ 7 нисани исаразунмæ.

Ольгæ Ярилова куд бафеппайдта, уотемæй юбилейон бæнттæмæ цæттæ кæнунмæ гъæуй еумæйаг хъæуритæй бавналун. «Сæ историон ахедундзийнадæ бæрзонд æй, региони культурон объекттæмæ базелунæн хуарз фадуат фæззиндтæй. Цæгат Иристонæн æ истори, æ културæ, археологон циртдзæвæнтæ гъæздуг æнцæ. Бæрæгбон адæмæн устур æхцæуæндзийнадæ æрхæсдзæнæй. Кади мадзæлттæ аккаг æмвæзади ке искæндзинан, е ми æруагæс кæнуй», – фæббæрæг кодта министри хуæдæййевæг.

Цæгат Иристони фарстатæ лух кæнунбæл уотæ ахсгиагæй ке архайуй, уой туххæй Дзанайти Барис райарфæ кодта федералон бæрнон косæгæн. Æма бахахæ кодта:

– Дууæ бæрæгбонемæн дæр ес федералон ахедундзийнадæ, нæ республикæн æнцæ ахсгиаг. Уомæ гæсгæ сæмæ гъæуама еумæ нæхе цæттæ кæнæн. Республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** мин бабарæ кодта Уæрæсей культури Министради хæццæ тæккæ вазуггиндæр фарстатæмæ æркæсун. Еугур гъуддæгутæ дæр ку исæнхæст кæнæн, уæд культури объектти уавæр фæхххуæздæр уодзæнæй, историон, културон, уодварни хæзнатæ гъæуайгонд æрцæудзæнæнцæ.

## ХАБАРÆЙ ХАБАРМÆ – АДÆЙМАГИ ЦАРД...

ЦÆГАТ Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** иссæй политикон парти «Еугонд Уæрæсе»-й иуонг. Партион билет ин кадгин уавæри равардта партий сæрдар **Дмитрий Медведев**.

Сергей Меняйло куд загъта, уотемæй еугур хъæуритæй дæр архайдзæнæй, цæмæй партий еугур проекттæ дæр афойнадæбæл æма ахедгæ хузи æнхæстгонд цæуонцæ нæ Фидибæсти æма адæми хуарзæн.

***

НÆ РЕСПУБЛИКИ Сæргълæууæг Сергей Меняйло æрæги фембалдæй Дзæуæгигъæуккаг æма Алайнаг епископ **Герасими** æма пусулмæнтти Уодварни управлений разамонæг **Гуæцæлти Хаджиморати** хæццæ. Дзубанди цудæй паддзахади æма дини ‘хсæн рахастдзийнæдтæбæл ирæзгæ фæлтæри удварни – хуæрзæргъдаудзийнади гъомбæлади хæццæ баст фарстати фæдбæл.

***

ОКТЯБРИГЪÆУИ дуккаг скъолай ахургæнæн уæттæй еуеми байгон æй «Бæгъатæри партæ» – Уæрæсей Бæгъатæр, пъæлици лейтенант **Джибилти Зари** номерæнæн. Аци лæхъуæн æ цард иснивонд кæнгæй, нæ республики цæргути багъæуай кодта террористи фудракæндæй. Æ ном абони хæссуй Беслæни æхсæзæймаг скъола.

***

АЦИ АНЗИ дæргъи Иристони адæми кæлæдздзаг хæдзæрттæй нæуæг цæрæнуæттæмæ раййевуни туххæй дехгонд æрцæудзæнæй 100 миллиони сомей бæрцæ.

***

А ФÆЗЗÆГИ уæлдæр профессион ахургæнæндæнтти бюдджетон бунæтти нимæдзæ 588-минемæй фæффулдæр уодзæнæй. Уой туххæй журналисттæн фегъосун кодта Уæрæсей Федераций Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Дмитрий Чернышенко**. Куд загъта, уотемæй, фари есæн кампаний хæццæ рабаргæй, е æй 11,5 мин бюджетон бунатемæй фулдæр.

***

АВТОМОБИЛОН над «Дзæуæгигъæу-Чикола-Лескен-2»-йи нæуæг участокки арæзтадæн дехгонд æрцæудзæнæй 515 миллион сомей бæрцæ. Дзубанди цæуй, Мичурини гъæуи еуæврсти хайии арæзтадæбæл.

Графики бундорбæл арæзтадон куститæ гъæуама рахецæн уонцæ 2025 анзи кæронмæ.

***

ФЕДЕРАЛОН программи фæрци Цæгат Иристони фондз анзей дæргъи бундоронæй базелдзæнæнцæ скъолати 70 процентемæ – аци анз еци кустититæ æнхæст кæнун райдайдзæнæнцæ 44 скъолаеми, æма нæудæсеми куститæ фæуууодзæнæнцæ анзи кæронмæ, иннетими ба 2023 анзи.

***

НÆ РЕСПУБЛИКИ Хецауади хъæппæресæй арæзт цæуй бæхти драмон театр «Нарт»-æн æ бæстихай æма бæхдони бæстихайии проекти фæдбæл конкурс. Проекти аргъ æй минкъий гъæуагæй 22 миллион соми.

***

УÆРÆСЕЙ фæллойни министради пресс-службæ куд фегъосун кодта, уотемæй социалон пенситæ 1 апърелæй индексацигонд æрцæудзæнæнцæ 8,6% бæрцæ. Социалон пенситæ фист цæунцæ, фæдзæхсæн пенси есунæн фæллойнадон стаж кæмæн нæ фагæ кæнуй, уонæн.

# АРÆЗТАДОН КЪАБАЗИ АРХАЙД МА ФÆННИДÆН УА!..

ЦÆГАТ Иристони Хецауади Сæрдар **Дзанайти Бариси** разамундæй æрæги республики министрадтæ æма ведомствити разамонгутæн ци урух æмбурд адтæй, уоми дзубанди цудæй, фиццаградон национ проекттæ æма сæрмагонд паддзахадон программити фæлгæти 2022 анзи регионии ахсгиаг объекттæ арæзт æма цалцæггонд æрцæудзæнæй, уони номхигъдбæл.

Æмбурди сæйраг доклад искодта республики арæзтадæ æма архитектури министр **Милдзихти Аслан**. Ведомстви разамонæги дзубандимæ гæсгæ, национ проекттæ æма паддзахадон программити уагæвæрди бундорбæл аци анз арæзтадæ æма цалцæги пъланмæ хаст æрцудæнцæ 90 аллихузон объекттемæй фулдæр. Уонæн сæ фулдæр æнцæ социалон косæндæнттæ – рæвдауæндæнттæ, скъолатæ, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнунади, культури æма спорти, уæдта фæндагон инфраструктури объекттæ.

Милдзихи-фурт æ доклади куд фæббæрæг кодта, уотемæй амунд объекти подрядчиктæ архайунцæ, цæмæй еугур нисангонд куститæ дæр цæуонцæ графикти бундорбæл. Фал уони еуцæйбæрцæдæр ратухсун кодтонцæ, фæстаг рæстæги зундгонд цаути хæццæ баст уогæй, берæ фæсарæйнаг бæститæ Уæрæсей нихмæ экономикон гæрæнтæ ке расæдтæнцæ, е. Еци æууæл, куд уинæн, уотемæй æ фæдбæл расайдта арæзтадон æрмæгути æргъти ирæзт. Уой хæццæ еуæй-еу æрмæгутæ зингæ фæккадавардæр æнцæ.

– Абони Уæрæсей Федераций Хецауадæ уæлæнхасæн мадзæлттæ агоруй, цæмæй арæзтадон къабази архайд ма



фæккеуа. Федералон центри агъазæй уæлдай региони æмвæздæбæл дæр бакосун гъæуй, цæмæй арæзтадон æрмæгтæуадзæг бунæттон кустуæтти архайд фæгъæусмусгиндæр уа. Бæсти Хецауади унаффæй исæвзургæ фарстатæ æвæстеуатæй лух кæнуни нисани хæццæ Арæзтади федералон министради размæ косун райдæдта сæрмагонд оперативон штаб. Республики профилон министрадæ æма иннæ ведомствитæ еци штаби хæццæ еудадзугон æмархайд гъæуама рапарахат кæнонцæ. Алли бæрнон косæги зæрдæбæл дæр лæуун кæнун, амунд объектти арæзтадæ æма цалцæги фæдбæл республикæ æхемæ ци ихæстæ райста, етæ афойнадæбæл гъæуама æнхæстгонд цæуонцæ, – фæннисан кодта Дзанайти Барис.

Æмбурди архайгутæ сæрмагонд æргом раздахтонцæ, æ рæстæги нæуæг цæрæнуæттæ балхæнуни нисани хæццæ хе фæрæзнитæ ка исхарз кодта, фал фæстæдæр сайд ка бавзурста, еци адæми бартæ багъæуай кæнунмæ дæр. Зундгонд куд æй, уотемæй алли анхосæгтæмæ гæсгæ кæронмæ арæзт не ‘рцудæнцæ еуæйеу берæфатерон хæдзæрттæ. Нур фарста æввæрд цæуй, цæмæй еци хæдзæртти арæзтадæ кæронмæ рахæрта æма адæм сæ фатертæ райсонцæ фæзуætти райрæзти Фонди фæрæзнити агъазæй.

Профилон ведомстви разамундæн Дзанай-фурт бафæдзахста:

– Ке зæгъун æй гъæуй, сæ цæрæнуатон бартæ агайд кæмæн æрцудæнцæ, еци адæми уавæрмæ раздахун гъæуй фиццаградон æргом. Фарста ралух кæнуни нисани хæццæ испайда кæнун гъæуй еугур фадуæттæй дæр. Берæ æнзти еугур фадуатгин цæрæнуæттæмæ ка æнгъæлмæ кæсуй, еци адæм гъæуама райсонцæ сæ нæуæг фатерти дæгъæлтæ.

**Советон Цæдеси Бæгъатæр Кцойти Налухъи фурт Петри райгурдбæл 24 мартъий æнхæст кæнуй æхсæзинсæй анзи (1902-1945). Æ ном лæвæрд æрцудæй Дзæуæгигъæуи гъæунгтæй еуемæн.**



Паддзахадон Думи депутат ТАЙМАЗТИ Артур Донбассæй Цæгат Иристонмæ иследзæг адæми хæццæ фембæлди рæстæг.

# ТУХСТ АДÆЙМАГМÆ ФÆККÆСУН – УОДИБÆСТÆ

1

Дзæуæгигъæуи администраций ахуради управлений разамонæг **Батæрти Аслан** уотæ загъта:

– Сувæллæнтти ахурадæн еугур гъæугæ уавæртæ исараztан. Ахурдзаутæн канцелярон товартæ æма пъартфелтæ балхæнæг ниййергути æхсæнадæн арфæ кæнæн. Æнæнхæст бæрнондзийнади æхсæнадæ «Одежда»-йи разамонæг **Берæгъти Юрий** æма Цæгат Иристони Парламенти Сæрдари хуæдæййевæг Билаонти Батраз сæхе харзæй ахурдзаутæн скъоладзауи фæлуст равардтонцæ. Нæ иуазгутæ бунæттон ахурдзаути хæццæ ке бахæлар уодзæнæнцæ, е ми федарæй æруагæс кæнуй, уомæн æма уинæн, кæрæдзебæл нур дæр куд æхцул 'æнцæ, уой.

Донбассæй æрбацæуæг сувæллæнттæ цохгонд кæмæй адтæнцæ, скъолай еци программæ син банхæст кæнуни фадуат цæмæй уа, уой туххæй син сæйраг урокти фæсте уæлæнхасæн ахуртæ дæр аразунцæ.

***

ЦÆГАТ ИРИСТОНИ гъуддаги балций уогæй, Паддзахадон Думи депутат, политикон парти «Еугонд Уæрæсе»-й регионалон хайади разамонæг **Таймазти Артур** бабæрæг кодта штаб.

– Мах еумæйаг кусти фæткæмæ гæсгæ архайæг гуманитарон агъази æмбурдгæнæн бунат, уæдта, Донецк æма Луганскæй адæмон республикитæй æнæбари раййевæг адæм кæми æрбунæттон æнцæ, сувæллæнтти еци санатори «Æвзонгадæ». Ци фæууидта æма ци базудта, уой фæдбæл Таймази-фурт уотæ загъта:

– Цæгатиристойнæгтæ, штабмæ æрбаласунцæ гъæугæдæр дзаумæуттæ – кæдзосгæнæн фæрæзнитæ, гъазæнтæ, канцелярон дзаумæуттæ, уæледарæс, къахидарæс. Лигъд адæми фулдæр хай сувæллæнттæ ке 'нцæ, уой базонгæй, исфæндæ кодтон комкоммæ уагæй сæ фæууинун æма син сæ домæнти туххæй хабæрттæ базонун. Аст анзей дæргъи аци адæм ке бавзурстонцæ, еци зиндзийнæдтæ нæ нимайгæй, сæ равгæ хузæнон ке ‘й æма сæхе цардбæллонæй ке ‘вдесунцæ, уомæй арази дæн. Сувæллæнттæ мин бафæдзахстонцæ хонхмæ сæ экскурсий фæлласун. Бонигъæдæ куддæр фæххуæздæр уа, уотæ син сæ курдиадæ банхæст кæндзинан, – загъта Таймази-фурт.

Гуманитарон агъаз парахаттæй ка æмбурд кæнуй, уæдта Донецк æма Луганскæй æнæбари раййевæг адæмæн рæстæгмæ цæрунæн бунæттæ ка бацæттæ кодта, парламентари нæ республики еци бархеуонтæн арфæ ракодта.

***

НÆ РЕСПУБЛИКИ дзиллæ агъаз кæнуй, аци бæнтти ке исиуазæг кодтан, уонæн дæр, уæдта ма Донбасси ка байзадæй, уонæн дæр. Æрæги бабæй гуманитарон агъаз рарвистонцæ Донецки Адæмон Республики сахар Мариупольмæ.

Цалдæр уæзласæн машини байдзаг кодтонцæ, берæ гъезæмæрттæ ка баййафта, еци цæргути æнæмæнгæ ци ахсгиаг продукттæ гъæуй – инсад, картоф, сауфагæ, сæкæр, зети, пириндз, минералон дæнттæ æма уотæ идарддæр.

Уæзласæн машинттæй еуей шофер **Танделати Валоди** куд зæгъуй, уотемæй гуманитарон агъаз æртинсæй тонни фæлласун адтæй сæхе фæндæ. Нади хæрзтæ дæр æнæгъæнæйдæр сæхемæ райстонцæ.

– Нæ хуæртæ æма не ‘нсувæртæ бахаудтæнцæ уæззау уавæри æма нæхецæн ихæсбæл банимадтан уонæн фæййагъаз кæнун.

Нæ республики Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-служби разамонæг **Дзгойти Ольгæ** куд загъта, уотемæй Цæгат Иристон фиццаг хатт не ‘рветуй гуманитарон агъаз Донбассмæ:

– Айразмæ дæр рарвистан аræзтадон æрмæгутæ, хуастæ æма хуаллæгтæ. Аци гъуддаги нин алкæддæр зæрдиагæй фæййагъаз кæнунцæ нæ республики амалгъон адæм. Зæгъæн, абони ци гуманитарон агъаз æрветæн, уой бацæттæ кодта **Бердити Вадим.**

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Хæрæг хизтæй игуæрдæни æма рауидта, берæгъ имæ куд æрбаледзуй, уой. Хæрæг уæд къулух цæун фæййагайдта. Берæгъ имæ ку æрбахæстæг æй, уæд æй фæрсуй, къулух ба цæмæн дæ, зæгъгæ. Хæрæг ин дзуапп равардта: «Кауи сæрти багæпп кодтон æма мæ къахи синдзæ фæххастæй...*

*Кæд мæ бахуæрунмæ гъавис, уæд бал мин еци синдзæ исласæ, кенæдта дæ хъури ниххæсдзæнæй». Берæгъ бауæндтæй хæрæги дзубандитæбæл. Хæрæг æ къах исиста. Берæгъ ин лæмбунæг кæститæ кæнуй æ сæфтæгмæ. Хæрæг æй еци-еу цæф фæлласта æма ин æ дæндæгутæ ниппурхæ кодта. Фæхъхъан æй берæгъ, мадта ма ин ци гæнæн адтæй, æма ин нæтгæй загъта: «Уотæ мæ гъудæй! Мæ фидæ мæ æвгæрдунбæл исахур кодта, æз ба мæхецæй хуасгæнæг аразтон».*

***

Аци таурæхъи арф гъуди бæлвурд æй: адæмæй дæр кадæртæ, ци нæ фæззонунцæ, еци гъуддаги ку бацæунцæ, уæд устур бæлахи бахаунцæ. Уотæ рауадæй Украини нури разамунди хабар дæр. Паддзахадон гъуддæгути æгириддæр неци лæдæргæй, сæхе исфæтæгтæ кодтонцæ æма сæ бæсти уæлдайдæр ба, ци адæм си цæруй, уони устур бæлæхти амæттаг бакодтонцæ: кæмидæрти сæ хевастдзийнади фудæй, фулдæр ба сæ фæсарæйнаг «зундамонгути» ахъилдæй.



**Алексей АРЕСТОВИЧ, Украини президенти офиси сæргълæууæги унаффæгæнæг: «Мах НАТО-мæ цæуæн цъæмæнгæси хузæн бадард къохи хæццæ нæ, мах альянсмæ бафтаудзинан агъазиау тухæ. Уомæн æма АЕШ-и, Турки æма Францый фæсте мах æфсæддон гъомусадæй ан цуппæрæймаг тухæ...»**

Цæйбæрцæбæл гъомусгин разиндтæй сæ «æфсæддон тухæ», е ба хъæбæр бæлвурдæй ку рабæрæг æй мæнæ нур, уæрæсейаг æфсæддон сæрмагонд операций рæстæг. Еузагъдæй, Украинæ уотæ хъæбæр æхе ци тухæй æстудта, е разиндтæй уотид метин мæсуг – зинги фиццаг æскъæрнæгутæй ратадæй...



**Николай БУРЛЯЕВ, Паддзахадон Думи депутат – киной туххæй: «Экран æй паддзахади уодварнон – стратегион хуæцæнгарз. Æма ‘й паддзахадæ æ къохтæй гъæуама ма уæгъдæ кæна...»**

Хуæцæнгарзæн ба еу менеуæг ес – ци фат си фехсай, уомæн фæстæмæ раздахæн неци хузи бал ес æма устур фидбилизтæ исаразуй. Нæ культури еугур къабæзтæ дæр ци сæргъæнти амæттаг иссæнцæ, етæ нин си сæ къæсибадæг «нæуæгдзийнæдтæй» гириззагдонæ рауайун кодтонцæ. Æма, кæддæр нæ дзиллæн ковæндони хузæн ка адтæй, нæ еци культури кæдзосдзийнадæ æма бæрзонддзийнадæ ескæд ма ести хузи раздахдзинан?..



**Валерий ФЕДОРОВ, дзиллон гъудикæнуйнади бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри директор: «Сæйрагдæр фарста – нури уавæртæн не 'хсæнадæ кутемæйти ниффæраздзæнæй?..»**

Кутемæйти? Нури уæнгæ ци берæ зиндзийнæдтæн бавзурстан аллихузон реформити æма сæргъæн æййивддзийнæдти фудæй, уонæн куд ниффæразтан, гъе уотæ бабæй. Бухсун æма бухсун нин ести фиццаг хатт æй. Нæ цардиуагæ еуцæйбæрцæдæр фæххуæздæр уодзæнæй, е ба ни æруагæс дæр нæбал кæнуй – е кæмæй аразгæ ‘й, уонæй дæр фудевгед ан.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ФУДГÆНÆГИ НАД ЦУБУР ÆЙ!

### УÆРÆСЕМÆ ФУДЗÆРДÆ КА ДАРУЙ, УОНИ «САУ ХИГЪДМÆ» ХАСТ ÆРЦУДÆНЦÆ 48 ПАДДЗАХАДИ ÆМА ФÆЗУАТИ.

- Австралия
- Албания
- Андорра
- Великобритания
- все страны Евросоюза*
- Исландия
- Канада
- Лихтенштейн
- Микронезия
- Монако
- Новая Зеландия
- Норвегия
- Республика Корея
- Сан-Марино
- Северная Македония
- Сингапур
- США
- Тайвань (Китай)
- Украина
- Черногория
- Швейцария
- Япония





**Европи Цæдесмæ хаст цæунцæ: Австри, Бельги, Болгари, Венгри, Германи, Греци, Дани, Ирланди, Испани, Итали, Кипр, Латви, Литва, Люксембург, Мальтæ, Нидерландтæ, Польшæ, Португали, Румыни, Словаки, Словени, Финлянди, Францы, Хорвати, Чехи, Швеци æма Эстони.**

**Нæ номдзуд æмзæнхон, Советон Цæдеси Бæгъатæр Ларионов Василий Петри фурти райгурдбæл 22 мартъий æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1917-1945). Æ ном лæвæрд æрцудæй Дзæуæгигъæуи 14-аг скъолайæн.**

***Председатель Следственного комитета Российской Федерации Александр БАСТРЫКИН поручил возбудить уголовное дело о разработке биологического оружия на территории Украины. Нашими следователями будут «устанавливаться все обстоятельства, связанные с разработкой биологического оружия вблизи территории Российской Федерации».***



**Николай ПАТРУШЕВ, Юрий ЧАЙКА и главы регионов СКФО обсудили нацбезопасность. Фото: Иван Егоров.**

## Николай ПАТРУШЕВ: Мы не могли допустить наличие ядерного оружия у националистов

# ВСЁ ИДЁТ ПО ПЛАНУ

**Иван ЕГОРОВ (Грозный)**

***В ходе проведения специальной военной операции получены документальные подтверждения подготовки Киевом вторжения в марте этого года на территорию ДНР, ЛНР и российского Крыма.***

***Секретарь Совета безопасности РФ Николай Патрушев прибыл в Грозный для проведения планового совещания.***

Об этом во вторник, 15 марта, на выездном совещании в Грозном по вопросам нацбезопасности заявил секретарь Совбеза РФ Николай Патрушев.

Кроме того, по его словам, большое количество иностранных консультантов и советников, обосновавшихся на территории Украины, постоянно провоцируют создание все новых угроз безопасности России. Патрушев напомнил, что к кризису безопасности в Европе привело именно активное расширение НАТО, развитие военной инфраструктуры у границ России, разрушение системы контроля над вооружениями. А также освоение территории Украины как потенциального театра военных действий.

При этом предложения России по реализации принципов равной и неделимой безопасности, предоставлении юридически закрепленных гарантий безопасности были проигнорированы. После совершения в 2014 году в Киеве государственного переворота национализм, культивируемый лицами, захватившими власть, приобрел форму агрессивной русофобии и неонацизма. Украина фактически попала под внешнее управление США, целью которого является превращение ее во враждебное России государство. В целом, как заявил Патрушев, все угрозы безопасности России на Украине были созданы США и их союзниками.

– Стало очевидным, что именно американские советники поощряют и помогают киевскому режиму в создании биологического и ядерного оружия. У Украины для этого есть все – компетенции, технологии, сырье, средства доставки, – заявил Патрушев.

Поэтому, по его словам, заявления украинского руководства о возможности изменения ядерного статуса страны – не пустые слова. И реализация этих намерений могла произойти реально. А это уже, как подчеркнул секретарь СБ РФ, явная угроза не только безопасности России, но и всего мира, провоцирующая развязывание ядерной войны.

– Мы не могли допустить наличие ядерного оружия у оголтелых, неуправляемых националистов, – заключил Патрушев.

Тем более, по его словам, когда США разместили в Европе тактическое ядерное оружие, для применения которого может использоваться созданная в непосредственной близости от границ РФ инфраструктура ПРО.

– Где гарантии того, что «заряженное ружье» не выстрелит в очередной раз? – заметил Патрушев.

Тем более, по его словам, все хорошо помнят, что США уже применяли ядерное оружие против мирного населения, сбросив атомные бомбы на города Японии. Кроме того, американцы массово использовали боеприпасы с обедненным ураном в Ираке и Югославии. Николай Патрушев также отметил, что США на протяжении многих лет не выполняют свои обязательства по уничтожению химического оружия. А ведь именно это оружие убивало людей во Вьетнаме, Корее, Лаосе.

– В сложившихся условиях мы вынуждены были принять упреждающие меры по обеспечению безопасности России и ее граждан, – подытожил секретарь Совбеза.

Что касается проходящей в настоящее время военной операции, то, по словам Патрушева, «она проходит в соответствии с планом». Россией уже оказывается гуманитарная помощь на освобожденных от радикальных националистов территориях. По его словам, Россия заинтересована и будет всемерно содействовать экономическому развитию Украины и нормализации жизни братского народа.

Он еще раз напомнил, что по решению президента России в настоящее время проводится специальная военная операция, направленная в первую очередь на защиту людей, подвергавшихся на протяжении восьми лет издевательствам, геноциду со стороны киевского режима, а также на демилитаризацию и денацификацию Украины.

Патрушев особо подчеркнул, что в Декларации о государственном суверенитете Украины, принятой всенародным референдумом в 1990 году, закреплено стремление стать постоянно нейтральным государством, не принимать участие в военных блоках, не принимать, не производить и не приобретать ядерного оружия. Конституция Украины 1996 года также ссылается на этот Акт провозглашения независимости.

– Поэтому необходимо добиться на деле нейтрального статуса Украины, исключив возможность ее вступления в НАТО, – заявил секретарь Совбеза.

Вместе с тем он отметил, что продолжаются обстрелы мирного населения народных республик. Так, 14 марта в результате ракетного удара погибло 20 и ранено 28 жителей Донецка.

– Это военное преступление еще раз подтверждает нацистскую суть правящего сегодня на Украине режима, – подчеркнул Патрушев.

Он также напомнил, что в военной спецоперации активное участие принимают народы Северного Кавказа, в том числе Чеченской Республики, Дагестана, Кабардино-Балкарии, и других регионов.

– Многие из них уже представлены к государственным наградам, в том числе удостоены высокого звания Героя России. К сожалению, есть потери. Хотел бы еще раз выразить слова благодарности за проявленные мужество, героизм, самопожертвование при защите национальной безопасности и национальных интересов России, – заявил секретарь Совета безопасности.

Получены сведения, которые подтверждают разработку военно-биологических программ в биолабораториях, созданных на Украине

Он сообщил, что получены сведения, которые подтверждают разработку военно-биологических программ в биолабораториях, созданных на Украине при непосредственном участии иностранных консультантов и советников, и финансирование со стороны США.

По его словам, именно поэтому США боятся огласки проводимых ими на территории постсоветских государств исследований по разработке биологического оружия в нарушение Конвенции о запрещении биологического и токсинного оружия.

При этом Патрушев напомнил, что на самой же территории США еще во времена президентства Обамы был наложен мораторий на проведение биологических испытаний с опасными патогенами. По мнению секретаря СБ РФ, заместитель госсекретаря США Виктория Нуланд не случайно заявила о необходимости принятия мер по недопущению попадания к России накопленных материалов исследований и образцов патогенов.

– Им на самом деле действительно есть чего опасаться. И неудивительно, что отмечаемые в ряде стран вспышки инфекционных заболеваний могут быть напрямую связаны с деятельностью биолабораторий на Украине, – подчеркнул Патрушев.

По его мнению, расследование такой деятельности должно пролить свет на истинные замыслы и последствия проведения подобных исследований.

Что касается основной темы совещания, куда он приехал традиционно вместе с Рамзаном Кадыровым, который был сам за рулем, то Николай Патрушев обратил внимание глав регионов на то, что помимо социально-экономических процессов надо держать на постоянном контроле общественно-политическую ситуацию:

– Нужно обеспечить занятость населения, установить жесткий контроль за ценообразованием на товары, услуги, принимать необходимые меры для сохранения стабильности и общественной безопасности.

Не менее важно, по его мнению, своевременно блокировать работу неправительственных некоммерческих организаций, ведущих противоправную деятельность и признавать их нежелательными на территории России.

***Российская газета –***
***Федеральный выпуск № 55(8703)***
***от 16 марта 2022.***

P.S. *В работе совещания в г. Грозном принял участие и Глава Северной Осетии Сергей МЕНЯЙЛО.*





Исмаил-хаджи БЕРДИЕВ (галеуæрдигæй), ГУÆЦÆЛТИ Хаджиморат, Евгений ЕРЕМИН.

# ЦАРД ХУÆДЗУНД ÆМА НИФСХАСТ АДÆМ АРАЗУНЦÆ



«Мах – пусулмон адæм ан, мах – уæрæсейæгтæ ан!..» Аци гъуди хъæбæр федарæй игъустæй, æрæги Дзæуæгигъæуи ци Еугуруæрæсеуон наукон-практикон конференци арæзт æрцудæй, уой архайгути радзубандити. Аци агъазиау мадзал арæзт æрцудæй Уæрæсей пусулмæнтти Совети хъæппæресæй æма си архайдтонцæ Уæрæсей айдагъ пусулмон æхсæнæдти сæйраг разамонгутæ нæ, фал нæ бæсти динти минæвæрттæ дæр. Дзубанди ба цудæй еугур динти æхсæнæдти æмзунд-æмвæндæ архайди туххæй – æхсæнадон царди медæгæ еугур динтæ дæр ахсгиаг бунат ахæссунцæ æма дзиллити 'хсæн сæ берæфæткон кустæн æ сæйрагдæр медес гъæуама уа нæ берæнацион æма берæконфессионалон паддзахади адæмти 'хсæн хæлардзийнадæ æма кæрæдзей лæдæрундзийнадæ федар кæнуни, нæ еумæйаг Фидибæсти хуарздзийнади сæрбæлтау.

Уой хуæдразмæ Дзæуæгигъæуи рацудæй Цæгат Кавкази пусулмæнтти еугæндти сæрмагонд съезд. Уой архайгутæ Цæгат Кавкази пусулмæнтти Координацион центри разамонæгæй бабæй равзурстонцæ Хъæрæсе-Черкессий муфтий **Исмаил-хаджи Бердиеви**. Уой фæсте ба, 16 мартъий конференций архайунмæ се 'мдинонти хæццæ байеу æнцæ нæ бæсти иннæ рауæнти пусулмон дини еугæндти разамонгутæ, пусулмон университеттæ æма медресети ректортæ. Кусти ма архайдтонцæ хецаудзийнади федералон æма Цæгаткавказаг федералон зилди субъектти къабæзти минæвæрттæ, ахургæндтæ, æхсæнадон архайгутæ.

Конференций исарæзти нисани туххæй радзубандийæй æй байгон кодта Цæгат Иристони муфтий **Гуæцæлти Хаджиморат**.

Аци ахсгиаг форуммæ ка æрæмбурд æй, уонæн зæрдиагæй райарфæ кодта Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг **Сергей Меняйло.** Æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй аци мадзали размæ е архайдта, сахар Грозный ци кустадон фембæлд адтæй Цæгаткавказаг федералон зилди субъектти разамонгутæн, уоми. Æма форуми архайгутæбæл исæмбæлун кодта, еци мадзали архайгути фæдзæхст, цæмæй сæ куст уа æнтæстгин, зингæ фæййагъаз уа адæмихæттити 'хсæн лимæндзийнадæ æма кæрæдзей лæдæрундзийнадæ федар кæнунæн, цæмæй нæ Фидибæсти адæмти цардарæзт уа амондгун æма фæрнæйдзаг.

Дин æма удварни разамонгутæ æхсæнадон царди ци ахсгиаг бунат ахæссунцæ, уой фæдбæл дзоргæй, Сергей Меняйло фæббæрæг кодта, нæ паддзахади еугур сæйраг динти рæстадæ архайд сæйраг рахуæцæн ке 'й, цæмæй уæрæсейæгтæ хæларзæрдæй кæрæдзебæл æнгом баст уонцæ, цæмæй сæ Фидибæстæбæл еузæрдиуон уонцæ æма æ кади сæрбæл æновудæй архайæг уонцæ. Уой фæдбæл гъомбæладон гъуддаги гъæуама сæ байвæрд уа бундорон æма ахедгæ. Нæ республики Сæргълæууæг удварни æхсæнæдти сæргълæугутæн арфæ кæнгæй, загъта, цæмæй изолдæр сæ равзурст надбæл æвæллайгæй æма æнтæстгинæй цæуонцæ.

Уæрæсей Федераций Президенти Управлений динти организаций æхсæн архайди Департаменти хецау **Евгений Еремин** æ радзубандий æмбурди архайгути зæрдæбæл æрлæуун кодта, уæрæсейæгти хелæдæрундзийнадæ сæдæгай æнзти дæргъи ке федар кодта, берæнацион æма, аллихузи динтæн бунат кæми адтæй, уæхæн устур паддзахади. Фæйнæхузи динти фæткæвæрди æма сæ культури ци хецæндзийнадтæ ес, етæ уæрæсейаг адæмти дехтæ некæд нецихузи кодтонцæ, фал сæ фæрци дзæвгарæ фæгъгъæздугдæр æй уæрæсейæгти медварнон дуйне æма си рауадæй федар æндондзийнадæ. Уæлдай бæлвурддæрæй ба е рабæрæг æй Устур Фидибæстон тугъди рæстæг – уæд еци федар еудзийнади фæрци нæ бæстæ фæуудæлахезæй фашизмбæл. Абони дæр уавæртæ уотæ иссæнцæ, æма бабæй гъе уæхæн ихæс лæууй нæ размæ Украини сæрмагонд операци æнхæст кæнгæй.

Дзæуæгигъæу æма Алайнаг архиепископ **Герасим** дæр аци форуми архайгутæн райарфæ кодта, сæрмагонд Арфи финстæг бакæсгæй.

Уæрæсей цæрæг еугур адæмихæттити еудзийнади фæдбæл адтæй æ дзубанди Федералон агентади нацити гъуддæгути фæдбæл Управлений разамонæг **Абдулгамид Булатовæн**. Куд загъта, уотемæй еу динхæсгути минæвæрттти ку бафхуæрай, уæд уой нимайун æнгъезуй, куд Уæрæсей еугур динти минæвæрттти бафхуæрунбæл.

Еци гъудий хæццæ арази уогæй, Исмаил-хаджи Бердиев æримиста, Украини сæрмагонд операций рæстæг, е 'ригон цард иснивонд кæнгæй, е 'фсæддон ихæс кæронмæ ка исæнхæст кодта, е адтæй Дагестани райгуæрæг **Нурмагомед Гаджимагомедов**. Е 'скъуæлхтдзийнадæн ин Фидибæстæ искодта устур аргъ – лæвæрд ин æрцудæй Уæрæсей Бæгъатæри ном.

Зæгъун гъæуй уой, æма Украинæ цæмæй æмдемилитаризацигонд æма денацификацигонд æрцæуа, уой туххæй нуртæккæ уоми ци сæрмагонд операци æнхæстгонд цæуй, уой тухххæй æмбурди архайгутæ дзурдтонцæ хъæбæр сагъæссагæй æма тухстæй. Уæлдай мæстгунæй баханхæ кæниуонцæ, Нигулæни къохи ке бафтудæй хъæбæр агъазиау цъамардзийнадæ исаразун – не 'нсувæрон паддзахади цæргутæй кæцидæр хаййи ке исахъилдтонцæ Уæрæсей нихмæ, сæ зæрдити син ке бауагътонцæ нæ паддзахадæмæ дæр æма ами цæрæг адæмтæмæ дæр æнæуинондзийнадæ, знаггадæ æма мæлæтхæссæг надбæл сæ исаразун.

Еци уавæр лæдæргæй æма ин рæстзундæй дзуапп дæтгæй, нæ паддзахади удварнон æхсæнæдти сæргълæугутæ, кристон æма пусулмон динти раздзæугутæ исфедар кодтонцæ, Украини нуртæккæ ци цаутæ цæуй, уони фæдбæл сæрмагонд ниставæн. Уой тухххæй Конфереций архайгутæн видеобастдзийнади фæрци радзурдта Уæрæсей пусулмæнтти Центрон удварнон фæткæдæттунади сæрдар шейх **Талгат Таджуддин**.

Цæгат Кавкази пусулмон дини æхсæнæдти раздзæугути позицитæ бæрæггонд æнцæ айдагъ нуриккон æхсæнадон уавæртæмæ гæсгæ цæстингасæй нæ, фал ма пусулмон дини цитгин Хъурани амунддзийнадтæмæ гæсгæ дæр. Еци амунддзийнадтæмæ гæсгæ тох кæнун гъæуй рæстдзийнади сæрбæл, адæмæн знаггадæ æма гъæддаг миутæ ка аразуй, уони нихмæ. Æма еци фæдзæхст уæлдай ахсгиаг æй абони – Украини фудзунд разамонгути фудæй хъæбæр берæ зиндзийнадтæ нур аст анзей дæргъи ке 'взарунцæ Донбасси æвуд цæргутæ.

Пусулмон адæми раздзæугути ниставæни фарс рахуæстæнцæ Уруссаг кристон аргъауæни, Дзæуæгигъæуи дзиуиттæгти еугонд æма нæ республики æхсæнадон организацити минæвæрттæ.

Аци анз бæрæггонд цæудзæнæнцæ дууæ ахсгиаг цауи – 1100 анзи æнхæст кæнуй Аланибæл исаргъуди æма Волжскаг Булгари – нури Поволжьей – пусулмон дин ке райста, уонæбæл. Е хуарз равгæ 'й агъазиау культурон-рохсадон куст райаразунæн.

Мингай æнзти дæргъи дууæ устур дини – пусулмон æма кристон – лимæнæй, кæрæдзей лæдæргæй ке цардæнцæ æма цæрунцæ, уой фæрци Уæрæсе æхецæн равзурста удварнон над, исхизтæй дуйней райрæзти тæккæ бæрзонддæр къæпхæнмæ. Æма уомæн аккаг аргъ кæнгæй, нæ Фидибæсти нури фæлтæртæ еци ахсгиагдзийнадæ гъæуай кæнгæй, гъæуама цæстуарзонæй æма æновудæй архайуонцæ нæ исонибони фарнæ æма райдзастдзийнадæбæл. Æма нин еци арфиаг гъуддаг нæ Исфæлдесæги фæдзæхстити фæрци бантæсæд!..

*Æрмæг бацæттæ кодта*
***БИЧИЛТИ Алетæ.***

***Кæсайтæ, зæрбатугтæ куд цæрунцæ, уомæ. Зæрбатугтæ фусун иссерунцæ æргъау галауани дæлбазур дæр æма гъæмпинсæр къæси дæлбазур дæр. Фал галауани цæрæг дæр æма къæси цæрæг дæр маргъи астонæмæ бавналун не 'ндеунцæ. Ку имæ бавналонцæ, уæд еци амондхæссæг маргъ æ цард-цæрæнбонти сæ цæрæнуатмæ æмгæрон дæр нæбал***

АДТÆНЦÆ æма цардæнцæ æртæ æнсувæри. Хуæрзминкъийæй райзадæнцæ седзæртæй – нæ син фидæ, нæ мадæ. Нæдæр син адтæй хæдзарæ, нæдæр фæццæруни равгитæ. Гъема уæд зелун байдæдтонцæ гъæутæбæл, ескæми си кустбæл фæххуæст уни зæрдæй. Цæунцæ æма се 'ртей сагъæс дæр адтæй: «Гъенур, еу дзæбæх хецаумæ ихуæрсти ку бафтуйанæ!..»

Уæд дин уинунцæ, æма баба æрбацæуй, зæрондæй-зæрonддæр, æ уорс закъæ æ астæуи уæнгæ. Салам син равардта æма сæ фæрсуй:

– Цирдæмæ 'й, кæстæртæ, уæ над?

Етæ ба ин уæд зæгъунцæ:

– Ихуæрсти бацæуйнаг ан.

– Æма уин уæхецæн хæдзарæ нæййес?

– Нæййес, – еци мæтъæлæй дзуапп дæттунцæ. – Хуарз хецауæй ку фæххайгин уианæ, уæд имæ рæстзæрдæй фæккосианæ, игъосианæ имæ æма 'й фиди хузæн цитгин кæнианæ.

Зæронд лæг еуцæйдæрбæрцæдæр расагъæс кодта, уæдта загъта:

– Цæй, уотæ фæууæд, æма мин сумах уодзинайтæ мæ фуртæ, æз ба уин – уæ фидæ. Æз уи лæгигъæдгун лæгтæ искæндзæнæн – исахур уæ кæндзæнæн рæстзæрдæй, æфсармæбæл цæрунбæл, æцæг мæмæ игъосгæ куд кæнайтæ, уотæ.

Исарази 'нцæ æнсувæртæ æма зæронд лæги фæдбæл рараст æнцæ. Цæунтæ байдæдтонцæ – тар гъæдтæбæл, урух будуртæбæл. Цæунцæ, цæунцæ æма уинунцæ – лæууй хæдзарæ, хуæрзæфснайд, æ уорс фæрстæ хормæ æрттевæнтæ кæнунцæ аллихузон ирд деденгутæй фæлгонцгонд. Æ размæ ба – балидонæ. Уоми ба – кизгæ, хуæрзведауцæ, игъæлдзæг, раст æ рази деденгути хузæн... Уой рауингæй хестæр æнсувæр уотæ ку бабæллидæ:

– Гъенур мæ уæртæ уæхæн кизгæ бийнойнагæн ку уайдæ!.. Уæдта ма гъоцитæ æма галтæ фулдæр!..

Æма ин зæронд лæг загъта:

– Уотæ фæууæд – цæуæн имæ корунмæ. Уодзæнæй дин уосæ, уодзæнæй дин гъоцитæ дæр æма галтæ дæр – цæрæ амондгунæй... Æцæг, рæстдзийнадæ ди иронх ма уæд.

Банæхстæр æнцæ еци хæдзарæмæ, сæ гъуддаг фæррæстмæ 'й, исаразтонцæ игъæлдзæг киндзæхсæвæр. Æма хестæр æнсувæр байзадæй еци хæдзари е 'ригон уоси хæццæ цæрунмæ.

Зæронд лæг ба иннæ æнсувæрти хæццæ ранæхстæр æнцæ сæ идарддæри балций. Цæунтæ байдæдтонцæ тар гъæдтæбæл, урух будуртæбæл. Цæунцæ æма цæунцæ, уæд дин еу рæстæги ба уинунцæ – лæууй хæдзарæ, хуæрзведауцæ, райдзастхузæй. Æ рази аузт, уой фарсмæ ба куройнæ. Æма хæдзари рæбунти хуæрзконд кизгæ цидæртæ архайуй – бæрæг ибæл æй – косагæ, арæхстгин æй. Астæуккаг æнсувæр имæ кæсуй æма загъта:

– Гъенур мæ уæртæ уæхæн кизгæ бийнойнагæн ку уайдæ!.. Уой хæццæ ба ма куройнæ аузти



# ХУÆРЗГÆНÆГÆН АРГЪ КУ НÆ КÆНАЙ...

***Мæнæ ци украинаг аргъау мухур кæнæн, уой æримистан, фæстаг цалдæр анзей дæргъи Украини ци цаутæ цæуй, æма уой разамунд æ сæргъæн миутæй æнæгъæнæ бæстæ сæрсæфæнмæ надбæл еци тæрæги куд тæруй, уомæ гæсгæ. Бакæсайтæ 'й, æма уæд нæ хæццæ исарази уодзинайтæ, еци разамундæн куд нæ фагæ кæнуй сæ фидтæлти зундирахаст – уотæ ку нæ уидæ, уæд, æвæдзи, се 'рра миутæ дæр нæ кæниуонцæ...***

хæццæ. Бадинæ еци куройни, хуарз инсинæ – уинæ æфсес æма мæ цардæй райгонд.

Зæронд лæг бабæй уомæн дæр загъта:

– Цæй, дæу куд фæндуй, уотæ фæууæд!..

Бацудæнцæ еци хæдзарæмæ, исарази кодтонцæ еци кизги дæр æма дессаги игъæлдзæг киндзæхсæвæр исаразтонцæ. Нур ба астæуккаг æнсувæр дæр байзадæй еци хæдзари е 'ригон уоси хæццæ цæргæй. Фæндараст æй кæнгæй, зæронд лæг уомæн дæр бафæдзахста:

– Цæй, мæ биццеу, цæрæ амондгунæй... Æцæг, рæстдзийнадæ ди иронх ма уæд!..

Æма уотемæй идарддæр ранæхстæр æнцæ – кæстæр æнсувæр æма кæнгæ фидæ. Цæунцæ, цæунцæ æма уинунцæ – лæууй еу мæгургомау хæдзарæ. Уæдмæ си рацудæй еу кизгæ, сæуæхседти хузæн хуæрзведауцæ, кæд æ уæледарæс дæр мæгургæсгæ адтæй, æмпъузт æмпъузти уæле, уæддæр си цидæр æнахур рохсдзийнадæ цудæй... Æма кæстæр æнсувæри бафæндадтæй:

– Уæртæ еци кизгæ мæ бийнойнагæн ку уайдæ!.. Еумæ косианæ – æма, ци бахуæрæн, е нæмæ уодзæнæй. Уæдта мæгур адæм дæр ни иронх нæ уиуонцæ: нæхуæдтæ ци хуæрæн, уомæй сæ хайгин кæндзинан...

Æма уæд зæронд лæг загъта:

– Хуарз, мæ биццеу, уотæ фæууæд... Æцæг ди, рæстдзийнадæ иронх ма уæд...

Бакодта бийнонти гъуддаг кæстæр æнсувæрæн дæр æма идарддæр æ нади кой кодта.

Æнсувæртæ ба цæрунцæ, сæ карни хабæрттæ кæнунцæ. Сæ хестæр уоййасæбæл исгъæздуг æй, æма хæдзæрттæ дæр æхецæн аразуй, тумæнттæ дæр æмбурд кæнуй – æ сагъæстæ æнæгъæнæй дæр уобæл æнцæ, фулдæр тумæнттæ кутемæй æрæмбурд кæна. Мæгур адæймагæн фæййагъаз кæна, зæгъгæ, е ба имæ æгириддæр нимади нæ адтæй – гъе уоййсæбæл исцæлæмбуд æй.

Мадта астæуккаг æнсувæр дæр исбонгин æй: ихуæрститæ имæ кустонцæ, æхуæдæг ба хуссун, хуæрун æма ниуазунæй æндæр неци куста – айдагъдæр фæндитæ кодта еугуремæн дæр.

Сæ кæстæр ба еци сабурæй цардæй: хæдзари ести ку фæззиннидæ, уæд си нæхъæртон адæймæгути дæр фæххайгин кæнидæ, ку неци уидæ, уæддæр бухстæй – нецæмæй гъаст кодта.

Сæ кæнгæ фидæ ба зилдæй дуйнетæбæл, адæми цардиуагæмæ æ цæстæ дардта. Уæд дин æй еухатт æрфæндадтæй, æ кæнгæ фурттæ ци бацæнцæ æма кудтитæ цæрунцæ, рæстдзийнадæ сæмæ цæстиварди æй еви сæмæ нимади нæй, уой базонун. Æхе исаразта зæронд гæлхуæрди хузæн, уотемæй бацудæй хестæр æнсувæрмæ, рацо-бацо кæнуй æ устур тургъи, нилляг ин æ сæрæй ковуй, коруй:

– Зæронд гæлхуæрдæн батæрегъæд кæнæ, ма бавгъау кæнæ, æма ин дæ хуæрзтæй ести радтæ комидзагæн!..

Æ кæнгæ фурт ба ку фæтъæлланг кæнидæ:

– Уоййасæбæл зæронд нæ дæ, дæхе ци ниммæгуртæ кодтай!.. Ку дæ бафæндæуа – бакосдзæнæ! Æз дæр нерæнгæ нур туххæйфудти ислæудтæн мæ къæхтæбæл. Æнтъиргæ кæнæ ардигæй!..

Æхецæн ба æ мулкитæ æкирити цæугæ дæр нæбал кодтонцæ, цалдæр нæуæг хæдзари исаразта, æ тукæнттæ аллихузон товартæй се 'мидзаг, хуарæй æ гонтæ цъоппидзаг, е 'хцатæн ба банимайæн дæр нæййес. Битир ба уæддæр нæ равардта!..

Æнæ нецæмæй рандæ 'й зæронд лæг уордигæй. Цанæфæрæг рацудæй, æвæдзи, верстамæ хæстæг, уотемæй еу кълдунбæл æрлæудтæй, фæстæмæ ракастæй еци цæрæнуати хæдзæрттæ æма уонæми мулкитæмæ – содзгæ артæй ниггур-гур кодтонцæ æнæгъæнæй дæр.

Рараст æй зæронд лæг астæуккаг æнсувæрмæ. Бацудæй имæ – уомæ ба куройнæ дæр, аузт дæр, уæдта агъазиау хæдзарæ дæр. Æхуæдæг ба куройни фарсмæ бадуй.

Ракувта ин зæронд лæг æ сæрæй, салам ин равардта æма си коруй:

– Радтай мин, хуарз лæг, инсади еу тæпп. Зæронд гæлхуæрд дæн, ци бахуæрон, е мин нæййес...

– Кунæг, – дзуапп дæттуй куройни хецау. – Мæхецæн дæр ку нецима нинсадтон. Цал æма цалемæй ами разелæ-базелæ кæнетæ, уæ еугурей фагæ ка исуодзæнæй?..

Æнæ нецæмæй рацудæй уордигæй дæр зæронд лæг. Еуцæйбæрцæдæр си ку райеуварс æй, уæд кълдунбæл æрлæудтæй, фæстæмæ ракастæй – цъæх артæй ниггур-гур кодта еци куройнæ.

Бахъæрдтæй зæронд лæг кæстæр æнсувæри цæрæн рауæнмæ дæр. Уинуй, мæгургомау цæрунцæ бийнонтæ, сæ хæдзарæ дæр хуæрзминкъий, раст зæгъгæй, хъæбæр хуæрзæфснайд.

– Радтайтæ мин, хуарз адæм, – дзоруй иуазæг хæдзаронтæмæ, – уæддæр къæбæри еу карст!..

Фусун ба ин зæгъуй:

– Медæмæ бацо, баба. Уоми дин бахуæрун кæндзæнæнцæ æма дин дæ хæццæ фæндаггаг ратдзæнæнцæ.

Бацудæй хæдзарæмæ. Æфсийнæ имæ æркæститæ кодта, фæууидта ин æ дивилтæ æма ин æртæрегъæд кодта. Медæггаг куатæй ин рахаста даргъ хæдонæ, хæлаф æма ин сæ равардта. Иуазæг сæ æхебæл искодта. Æ хæдонæ куд æййивта, уотемæй ба æфсийнæ ин æ реубæл рауидта агъазиау гъæнæ. Неци исдзурдта, уотемæй æй исбадун кодта финги уæлгъос, бахуæрунбаниуазун ин кодта. Уæдта 'й хæдзари хецау фæрсуй:

– Уæд дин, баба, дæ реубæл еци гъæнæ ба цæмæй æй?

– Гъо,– загъта иуазæг, – ес мæбæл уæхæн гъæнæ, кæций фудæй тагъд рамæлдзæнæн... Цæрунæн ма мин еунæг бон байзадæй...

– Е дин бæлахи бæлах! – тæрегъæдгæнгæй загъта уосæ. – Æма нур еци гъæнæн неци хуасæ ес?

– Ес, – загъта зæронд лæг, – еунæг хуасæ... Æцæг мин æй неке ратдзæнæй, уогæ ба алке бон дæр æй.

Æма уæд фусун фæрсуй:

– Цæмæннæ ин ес раттæн? Зæгъай, циуавæр æй еци хуасæ?

– Хъæбæр зин раттæн æй... Хæдзари хецау ку исарази уа æма æ хæдзарæбæл æ еугур мулкити хæццæ ку бандзара, уæдта еци сугъди фунукæй мин мæ гъæнæбæл калд ку æрцæуа, уæд гъæнæ дæр бадзæбæх уодзæнæй.

Ниссагъæс æй кæстæр æнсувæр. Еуцæйбæрцæдæр фæррагъуди-багъуди кодта, уæдта æ уосæн загъуй:

– Ду ба куд гъуди кæнис?

– Уотæ æнгъæл дæн, – загъта е, – æма нæ бон исуодзæнæй нæуæгæй хæдзарæ исаразун, мæгур лæг ба ку рамæла, уæд нæуæгæй некæдбал райгурдзæнæй.

Рацудæнцæ æндæмæ сæ сувæллæнтти хæццæ. Еухатт ма бакастæй лæг æ хæдзарæмæ – цидæр æй, уæддæр куд нæ тухсун кодтайдæ, уотæ тухамæлттæй ци есбонадæ бамбурд кодта, уобæл куд бандзарæ. Фал зæрондæн ба никки хъæбæрдæр тæрегъæд кодта. Æма бандзарста æ хæдзарæбæл. Хæдзарæ уайтæккæ дæр ниггур-гур кодта æма... Æрбайсавдæй. Æ бунати ба февзурдæй æндæр – уорсцагъд, бæрзонд, хуæрзфæлуст...

Зæронд лæг ба лæууй, æ медзакъи буни идзулуй.

– Уинун æй, – зæгъуй, – æртæ æнсувæремæй еунæг ду рæстдзийнадæй дæхе нæ райеуварс кодтай. Амондгунæй цæрæ!..

Уæд дин кæстæр æнсувæр ку бафæсмæридæ æ кæнгæ фиди, бæргæ имæ багæлста æхе, фал е уайтæккæ фæддунд æй... Æцæг ма бийнонтæн ниуагъта цидæр нифсдæттæг уодæнцойнæ...

***

***Аци аргъау ку зæгъæн, æримистан, Украини фæстаг æнзти сæ нуриккон разамунди фудæй си ци æверхъаудзийнæдтæ цæуй, уомæ гæсгæ. Етæ æма сæ хъозæнттæ историй цийфæнди ку рахатæ-бахатæ кæнонцæ, уæддæр рæстдзийнадæн ба нецихузи баримæхсæн ес æримисгæ хабæртти ауони.***

**Зундгонд ирон финсæг, литературон критик æма тæлмацгæнæг Дзанайти Сафрони фурт Сергейи райгурдбæл 20 мартъий исæнхæст æй æхсæзинсæй анзи (1902-1978).**

***бацæудзæнæй...» Уотæ финста Альфред де ВИНЬИ (1797-1863) æ роман «Стелло»-й. Æма Украини нури разамунд Хорнигулæнмæ уоййасæбæл игъосагæ уогæй, цæмæй райсунцæ сæри зундæн номдзуд француззаг финсæги курухон загъд? Æма цæмæн дæрæн кæнунцæ сабур цæрæг адæми цæрæнтæ, цæмæн ледзæги кæнунцæ сæ райгурæн бæстæй?..***



*уа нæ уа, уæддæр æцæгдзийнадæ рабæрæг уодзæнæй.*

*Æма еци æцæгдзийнади æвдесæнтæй ба абони æрхæсдзинан еу цау. Украинаг номдзуд финсæг Микола Бажан кæддæр финста: «Украинаг адæмæн сауæнгæ астæуккаг æностæй фæстæмæ дæр хъæбæр тæссаг адтæй литвайаг къниæзтæй, польшаг гъæздугутæй, венгриаг хъалтæй, турккаг æма тæтæйраг æстегъгутæй. Уони нихмæ Украини феодалтæ кенæ æгириддæр нæ тох кодтонцæ, кенæ ба уотид рæуонæн æма цубур æмгъудмæ истохиуонцæ. Фал зæнхкосгутæ æма хумæтæг хъазахъæгтæ ба мæлæтдзаг тох кодтонцæ сæ зæнхæ æма сæ цард, се 'гъæудттæ æма культурæ багъæуай кæнунбæл... Польшаг феодалтæ дæр æма украинаг феодалтæ дæр уидтонцæ, исистæг зæнхкосгутæ æма хъазахъæгтæ сæ нихмæ ке хуæцунцæ, уой, æма сæ æфхуæргæ дæр кодтонцæ æверхъау хузи. Тохгæнæг адæми раздзæугути къабазгай кодтонцæ.*

*Еци фудæвзарæнтæмæ уруссаг адæми бон цийфæндий цæстæй кæсун нæ адтæй. Лигъд зæнхкогутæ, Дони билгæрæнтти хъазахъæгтæ, сауæнгæ паддзахи æфсади тугъдонтæ дæр сæдæгæйттæй бахизтæнцæ арæнбæл æма байеу æнцæ исистæг адæми хæццæ. Уæрæсей Украинæн кодтан айдагъ материалон нæ, фал культурон агъаз дæр...»*

*Микола Бажани загъдмæ гæсгæ, еци агъаз уæлдай фæгъгъомусгиндæр æй советон доги – территориалон, экономикон, культурон, наукон æма ма берæ ахсгиаг гъуддæгути хузи. Æма Украинæ уомæй боз адтæй. Фал уæдмæ Советон Цæдес фехалдæй æма Украинæ ку «расæребарæ» æй, уæд еугур еци хуарздзийнæдтæ феронх æнцæ, æ сæргъи ка 'рлæудтæй æма си зæранхæссæг политикæмæ гæсгæ цардиуагæ аразун ка байдæдта, уони фудæй.*

*Махмæ гæсгæ, Украини дзилли кæцидæр хаййæн, мæнæ аргъауи ци дууæ хестæр æнсувæрей кой цæуй, уони хузæн сæ сæр разилдæй «нигулæйнаг хæзнати» уиндæй æма фæффудевгед æнцæ. Украини дзилли зингæдæр хай ба, еци кæстæр æнсувæри хузæн, рæстзæрдæдæр æма зундгиндæр разиндзæнæнцæ æма уони уодти кæдзосдзийнади фæрци сæ бæсти исонибон зæрдæмæдзæугæдæр уодзæнæй. Уæдта уоми балæдæрдзæнæнцæ æцæг æнсувæр син Уæрæсе ке 'й æма айдагъдæр уой хæццæ æмцæдесон-æмзунд уогæй, сæ цард фæрнгун ке уодзæнæй, уой. Мах ба нæ зæрдæ дарæн: кæдимайди ба си адæм нацистон зундирахастбæл хуæцæг «разамундæй» фæййервæзиуонцæ æма сæ уавæр исхузæнон уидæ...*

*Махмæ гæсгæ, алли дзаманти дæр алли адæмтæмæ дæр фудзæрдæ адæймæгутæ æгади бунати адтæнцæ, сæ фудмиутæй син дзиллæ ку исгъигæ уидæ, уæдта сæбæл рамарунæй дæр нæ аурстонцæ. Хумæтæги нæ байзадæй нæ рагфидтæлтæй уæхæн загъд: «Фудзæрдæ лæг ку рамæлуй, адæмæн хуарздзийнадæ уæд искæнуй...»*

*Уæлдай бæлах ба е фæууй æма уæхæн фудзæрдæ хецауеуæггæнæг ку исуй. Мæнæ Украини куд рауадæй, уотæ – æ нури разамунд си нацистон фæткитæ паддзахадон политикæ исаразтонцæ, æма нур аст анзей дæргъи рæстзæрдæ адæми гъезæмарæй марунцæ.*

*Хуарз æма сæ Уæрæсе ервæзун кæнуй еци зиндонæй. Уой хæццæ ба ма дзубанди цæуй, цæмæй закъони бундорбæл карз æфхуæрд æрцæуонцæ, æнæгъæнæ бæстæн уоййасæбæл уæззау фудракæнддзийнæдтæ ка исараста, етæ.*

*Фудгæнæг æнæмæнгæ æфхуæрд ке 'рцæудзæнæй, уой фæдбæл, æвæдзи, еугур адæмтæмæ дæр ес аллихузон таурæхътæ. Уæхæнттæ ес мах адæмон исфæлдистади дæр, æма си еуей абони мухур кæнæн.*



## РАГОН ÆЦÆГ-ХАБАР

# ЦАУÆЙНОНИ ТÆРЕГЪÆД

***

Рагон дзаманти адæмæй беретæ цардæнцæ цауæнæй. Хуарз цауæйнон адтæй нимад кадгин лæгбæл, уомæн æма цауæйнон æй фæразон æма нифсхаст. Тæрсагæ цауæни цæун не 'ндеуй. Берæ хуарз цауæйнонтæ адтæй Курттати коми. Фидтæлтиккон таурæхътæмæ гæсгæ, раги дзамани Уанити муггагмæ адтæй еу хуарз цауæйнон. Æ тохæндзаумæуттæ дæр еци рæстæгмæ гæсгæ адтæнцæ бæлдайаг. Адтæй имæ хуарз топп æма æндæр цауæни дзаумæуттæ. Худтонцæ 'й сæрæн, ездон æма нифсхаст. Еууæхæни рандæй тар гъæдæмæ, цауæни. Рамардта саг æма æма æгæр ке райанафонæ 'й, уомæ гæсгæ исфæндæ кодта гъæди æрæхсæвеуат кæнун æма еци фæндæй æрбунат кодта еу устур тæрсæ бæласи буни. Æхе бафæдзахста æ фусунбунат тæрсæ бæласæбæл. Искодта арт æма бавналдта сирди фидæй фезонæг кæнунмæ. Уæд имæ кæцæйдæр æрбайгъустæй къæхти гъæр æма адæймаги унæр. Цауæйнон бацийнæ кодта æма гъæрæй исдзурдта:

– Ка айтæ, хæстæгдæр мæмæ рацотæ!..

Æ фарстæн ин дзуапп равардтонцæ:

– Мах ан фæндаггон адæм æма цæуæн идардæй...

– Уæ изæр ма кумæ хæссетæ, фусун уин уодзæнæн, рацотæ артмæ, – загъта син цауæйнон.

Æрбацудæнцæ æ размæ дууæ лæги. Кæрæдземæ равардтонцæ сæ къохтæ, еу – зæрдæй, иннæ ба – гадзирахаттæй. Кæцæй зудта цауæйнон, аци адæм æ фæдбæл ке зелунцæ, сæ унаффæ ба цауæйнон лæги рамарун ке 'й, цæмæй сæ къохи бафтуйа е 'нахур топп æма æ иннæ тохæндзаумæуттæ. Уæхæн æверхъау гъудитæ сæмæ ес, уой кæцæй зудтайдæ цауæйнон, уæхæн фудракæди фæдбæл имæ æрбацудæнцæ æнафони иуазгутæ, е уомæн æ гъудий кæрони дæр нæ адтæй. Уомæ гæсгæ ба зæрдиагæй бацийнæ кодта «иуазгутæбæл», арти фарсмæ сæ æрбадун кодта æма æмбесæхсævæмæ саги фидæй фезонгутæ фæккодтонцæ. Игъæлдзæг дзубандитæй, боц миутæй, еу – зæрдиагæй, дууемæй ба – мæнгардæй, арфитæ фæккодтонцæ кæрæдземæн. Æмбесæхсæви сæ фæллад исуадзуни фæндæ искодтонцæ, кæрæдземæн, хуæрзсæуумæ нæбæл искæнæд, зæгъгæ, загътонцæ. Сæ бунатæн арфæ ракодтонцæ, сæхе ибæл бафæдзахстонцæ æма арти фарсмæ сæ цæттæ листæни æрхустæнцæ. Бони дæргъи цауæйнон берæ æфцæгутæбæл рауадæй, æма куд нæ бафæлладайдæ, уомæ гæсгæ лæг уайтæкки рафунæй æй. Фудгæнгутæн ба æндæр адтæй сæ унаффæ, кæрæдзей æнцонæй лæдæрдтæнцæ.

Бон цъæхтæ кæнун байдæдта, цъеутæ рæсугъд гъæлæстæй райдæдтонцæ зарун, хор æ фæлмæн тунтæ æруагъта зæнхæмæ, раст цума æрдзæ, сирдтæ, мæргътæ æма адæмæн арфæ кодта. Устур тæрсæ бæласи сифтæрти æхсæнти тавун райдæдта цауæйнон æма æ иуазгути дæр.

Фудгæнгутæ цурд фестадæнцæ, фелвастонцæ сæ хъæматæ æма мæлæтдзаг цæфтæ никкодтонцæ цауæйнони, исистонцæ ин æ топп æма æ иннæ тохæндзаумæуттæ. Цауæйнон содзгæ цæфтæй ма бæргæ фегъал æй æ тарфунæйæй, фал нецибал адтæй æ бон. Уæддæр ма сæмæ æ уод есгæй исдзурдта:

– Мæ рæстуоди тæрегъæд уин ма ниххатир кæнæд Хуцау, ме 'вдесæн ба фæууæнтæ уæ æгъатир миутæн сугъзæрийнæ хори тунæ æма аци тæрсæ бæласæ, – уоййадæбæл цауæйнон æ уод исиста.

Цауæйнон еу бон, дуккаг бон, æртиккаг бон дæр ку некæцæй зиндтæй, уæд хеуæнттæ æма комбæстæ устур дести бацудæнцæ, еци æнахур цау син сæ зæрдити цидæр тасдзийнадæ уадзун байдæдта... Райдæдтонцæ 'й агорун кæмтти æма гъæдти. Ка 'й зонуй, цæйбæрцæ 'й фæййагурдтонцæ, фал æй еу бони ба 'й иссирдтонцæ мардæй, – гъæддаг сирдтæ æма халæнттæ ин бавналдтонцæ æ бауæрмæ. Балæдæрдтæнцæ фæдесонтæ, цауæйнонбæл ци бæлах æрцудæй, уой. Фæхъхъонц кодтонцæ зæрдхæлар цауæйнонбæл, еци зæрдхъурмæй ибæл берæ цæстисуг никкалдтонцæ...

Зиани бон хеуæнттæ загътонцæ:

– Дæ фудгæнгутæн дæ тæрегъæд Хуцау ма ниххатир кæнæд, æма хорæмбæрæг рауæнтæ!..

Уотемæй гъæубæстæ кадæ æма æгъдаубæл лæги исæмбæлун кодтонцæ е 'носон бунатбæл.

Анзи дæргъи ибæл фæхъхъонц кодтонцæ. Алли мадзæлттæй агурдтонцæ фудгæнгути, архайдтонцæ, цæмæй исбæрæг адтайуонцæ, фал сæ къохи неци æфтудæй.

Æ анзи кæнди бони цауæйнонæн хæлар кодтонцæ цæнхæ æма кæрдзин. Ци фæрзеу ин ниххæлар кодтонцæ, уони æрæвардтонцæ каутæй бид фингитæбæл æма æрбадтæнцæ сæ уæлгъос.

Хуæнхбæсти фулдæр рæстæг думгæ фæккæнуй, алли æрбадумд дæр раскъæфуй æма хæссун байдайуй минкъий къалеутæ, хуаси хæлттæ æма сифтæртæ.

Хисти бадæг адæм Хуцауи ном иссирдтонцæ, хестæртæ загътонцæ:

– Анзи дæргъи мах дæубæл нæхе фæххуардтан, æма рохсаг уо... Уæлдай зиндæр ба нин е æй, æма дæ маргути ке нæ базудтан...

Фал тæрегъæд æй, Хуцау дæр æй нæ хатир кæнуй, куд фæззæгъунцæ, е дори губунæй дæр рацæуй...

Еци рæстæг надбæл æрбацæйцудæнцæ дууæ æнæзонгæ адæймаги. Хисти бадæг адæм сæмæ лæмбунæг фæккастæнцæ, æма си, кæд зонгæ неке разиндтæй, уæддæр сæмæ фæдздзорун кодтонцæ, зианæн рохсаг зæгъæнтæ, зæгъгæ. Бæлццæнттæ æрбаздахтæнцæ. Æрбадун сæ кодтонцæ фингæбæл. Равардтонцæ сæмæ бæгæний къостæ æма син балæдæрун кодтонцæ, фингæ зиани номбæл конд ке 'й, уой.

Уæди уæнгæ кастæй хор, фал æнай-æнойти ракодта хуæнхон думгæ æма фингæмæ ке æрбахудтонцæ, уонæй еу лæгæн æ къоси ниххаудтæй тæрсæ бæласи сифтæр. Æнæзонгæ лæг къехæй райзадæй, уæдта æхе базилдта е 'мбалмæ æма имæ сабургай исдзурдта:

– Мæ бæгæний къоси хори тунæ æрттевуй, æма аци сифтæрмæ гæсгæ ба мæ зæрдæбæл ци æрбалæудтæй, уой зонис?.. Ке рамардтан, еци лæги æлгъист...

Кæстæртæй дзæгъæли нæ фæззæгъунцæ, етæ къæрцгъос æнцæ, зæгъгæ. Урдуглæууæг еци лæгти дзубанди райгъуста æма 'й хестæртæн загъта. Хестæртæ дууæ лæгемæ фæдздзурдтонцæ, æрфарстонцæ сæ, циуавæр лæги марди кой кæнунцæ, уомæй. Ци базонун ма гъудæй, дууæ æрбамбæлæг нæлгоймаги ке 'нцæ, рагæй ке агурдтонцæ, еци маргутæ. Ниххатир нин кæнетæ, зæгъгæ ма, лигъстæ бæргæ фæккодтонцæ, фал фудгæнæгæн адæм рагæйæрæгæмæ дæр кодтонцæ карз тæрхон: дууæ лæгей дæр рарвистонцæ цауæйнони надбæл.

Уотæ исæнхæст æй цауæйнонæн æ фæдзæхст: «Мæ раст уоди тæрегъæд уин Хуцау ма ниххатир кæнæд.. Аци хори тунæ æма тæрсæ бæласæ ба фæууæнтæ ме 'вдесæн...»

Сумах ба Уанити цауæйнони æрцудмæ дзæбæхæй фæццæретæ.

***УАНИТИ Бексолтан***

**Рæугути нези нихмæ тохи Еугурдуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 24 мартъий. Аци анз æ девиз æй: «Исефтонг кæнæн еугур фæрæзнитæ дæр туберкулези нихмæ тохæн, фæййервæзун кæнæн цардтæ!..»**

*Сахар Астрахани æрæги цудæнцæ Хонсар æма Цæгаткавказаг федералон зилдтити чемпионат накæ кæнунæй. Уоми архайдтонцæ Цæгат Иристони спортсментæ дæр æма сæхе равдистонцæ æнтæстгинæй – рамулдтонцæ еуæндæс хуæрзеуæги. Еристæмæ ба сæ бацæттæ кодтонцæ Игорь Бутякин æма Игорь Григорашвили.*



# ХУАРЗ БÆЛАСÆ ХУАРЗ ТАЛАЙÆЙ ИРÆЗУЙ!..

## «ИСОНИБОН АРАЗГÆ ÆЙ ДÆХЕЦÆЙ!..»

Дзæуæгигъæуи футболон скъола «Æвзонгадæ»-йи стадиони евгъуд къуæрей ерис кодтонцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий седзæр сувæллæнтти хæдзæрттæ æма интернатти гъомбæлгæнуйнæгти футболон командитæ.

Аци ерисæ рацудæнцæ Уæрæсей ахуради министрадæ, компани «Мегафон», Уæрæсей спорти министрадæ æма нæ бæсти Футболон федераций хъæппæресæй. Еристæ исхудтонцæ «Исонибон аразгæ æй дæхецæй!..»

Цæгат Иристони регионалон турнири архайдтонцæ: Дзæуæгигъæуи командитæ «Хори тунæ» æма «Гастелло», Мæздæги скъола-интернати командæ «Мæздæг», Дур-Дури скъола-интернат «Нифс».

Еристæ рауадæнцæ цæмæдессаг. Æригон футболисттæ (2007-2008 æнзти игурдтитæ) хъæбæр зæрдиагæй бæлдтæнцæ сæ еузæрдиуон фарсхуæцгути зæрдитæ барохс кæнунмæ, æма син е бантæстæй. Кæд ерис кодтонцæ фицъцаг æма фæстаг бунæттæ байахæсгутæ, уæддæр уæхæн уавæри æхе фæххуæрдбæл неке банимадта. Æма, æцæгæйдæр, стадионмæ ка 'рбацудæй, етæ æвдесæг адтæнцæ зæрдхæлар æма игъæлдзæг спортивон мадзалæн.

Еристи бæрæггонд цудæй нæ республики номæй аци нæуæг футболон еристи Уæрæсей Хонсар æма Цæгат Кавкази федералон зилдти еумæйаг еристи ка архайдзæнæй, еци командæ. Уæхæн халæ исхаудтæй Мæздæги командæн. «Мæздæг» байахæста 1-аг бунат. Мæздæггаг футболисттæ ци æртæ гъазти ракодтонцæ, уоми фæууæлахез æнцæ дууæ хатти, еу гъазт ба фæцæнцæ хæрæгсаст Дзæуæгигъæуи «Гастелло»-й хæццæ.

Уæлахездзау æма призон бунæттæ байахæссæг командитæ хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ майдантæ, кубоктæ æма æндæр лæвæрттæй.

Турнири бæрæггонд æрцудæнцæ хуæздæр гъазгутæ дæр, етæ хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ майдантæ, кубоктæ æма æндæр лæвæрттæй: «Хуæздæр дуаргæс» – **Наташæ Борисенко** («Хори тунæ»), «Хуæздæр гъауайгæнæг» – **Тохсирти Ермак** («Нифс», Дур-Дур), «Хуæздæр æрдæггъæуайгæнæг» – **Тасойти Азæмæт** («Мæздæг»), «Хуæздæр размæбурсæг» – **Цæллагти Ацæмæз** («Гастелло»), «Еугуремæй рæстдзæвиндæр» – Тасойти Азæмæт («Мæздæг»).

Æригон футболисттæн зæрдиаг арфæ ракодта Республикæ Цæгат Иристон – Аланий Футболон Федераций президент **Зозурти Игорь**. Æ радзубандий Зозурти Игорь зæрдæ байвардта, аци ерисæ аллианзон ке исуодзæнæнцæ, уомæй.

Еристи 1-аг бунат байахæссæг командæ «Мæздæг» нæ республики номæй архайдта Уæрæсей Хонсар æма Цæгат Кавкази федералон зилдти еумæйаг еристи. Етæ æрæги рацудæнцæ Краснодари.

## КА ФÆТТУХГИНДÆР УОДЗÆНÆЙ?..

Тагъд рæстæги ба нæ республики æригон футболисттæн равгæ фæууодзæнæй сæ арæхстдзийнадæ дессаги еристи равдесун. Циуавæр, уой ба базондзинайтæ, мæнæ дæлдæр ци æрмæг мухур кæнæн, уоми.

Нæ республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ æрæги фембалдæй зундгонд футболист æма тренер, республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги унаффæгæнæг **Гæззати Юрийæн**.

Дзубанди цудæй, æрæги нæ республики скъоладзаутæн футболæй ци нæуæг еристæ исарæзуни фæндæ федаргонд æрцудæй, уой фæдбæл. Гæззати Юрий уой туххæй загъта:

– Мæнæн æхцæуæн адтæй, еци фæндæ нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** ке бахаста, е. Æнæмæнгæ, нæ ирæзгæ фæсевæдæн уæхæн ерисæ уодзæнæнцæ пайдай хуасæ сæ физикон цæттæдзийнадæ фæффедардæр кæнунæн. Иннæ хуарздзийнадæ ба ма уой медæгæ 'й, æма цæмæй æригон футболисттæ сæ арæхстдзийнадæ бæрзонддæр кæнонцæ, уой туххæй син аразун гъæудзæнæй гъазæн фæзтæ. Етæ ба цæйбæрцæбæл фулдæр уонцæ, уойбæрцæ фулдæр уодзæнæнцæ сæхе ерхæфсæнтæ дæр. Еристи архайдзæнæнцæ, нæ республики еугур районти ци 200 скъолай ес, еци командитæ. Фицъцаг бæрæггонд цæуодзæнæнцæ районти хуæздæр командитæ, уой фæсте ба Дзæуæгигъæуи исбæрæг кæндзæнæнцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги Кубок рамолгутæ æма призон бунæттæ байахæсгути. Етæ хуарзæнхæгонд уодзæнæнцæ Кубоктæй, майдантæ æма æндæр хуарзæнхитæй. Еугур футболисттæ дæр райсдзæнæнцæ зæрдæбæлдарæн лæвæрттæ. Фæндуй нæ еристæ æхгæнуни мадзал бæрæгбон хузи искæнун. Еристæ исаразуни сæйраг нисан æй нæ республики æригон фæсевæди (7-13-анздзудтæ) спорт æма физикон културæмæ æмхецдæр кæнун. Иннемæй ба, се 'хсæн ци искурдиадæгин сувæллæнттæ фæууй, уонæн сæ идарддæри ирæзтæн фадуæттæ аразун...

***БАСКАТИ Урузмæг***

---

**ЕУГУРУÆР ÆСЕУОН КОНКУРС**

## «2022 АНЗИ АХУРГÆНÆГ»

Æрæги Дзæуæгигъæуи арæзт æрцудæй педагогон косгути профессионалон дæснидзийнади еугуруæрæсеуон конкурси «2022 анзи ахургæнæг»-и регионалон æркаст. Архайдтонцæ си республики еумæйагахурадон косæндæнтти 21 хуæздæр минæвари.

Ерисгæнгути дæснидзийнадæн аргъгæнæг адтæнцæ, Цæгат Иристони ахурадæ æма науки министр **Алибегти Эллæ** разамунд кæмæн лæвардта, еци минæвæргин жюрий иуонгтæ.

Фицъцаг къæпхæни конкурсанттæ радзурдтонцæ, методикон æрмæгутæй куд пайда кæнунцæ, уæдта практикон æгъдауæй равдистонцæ, уроктæ циуавæр фæткæмæ гæсгæ аразунцæ, уой. Ерисгæнгутæй алкедæр байархайдта темæ «Методикон æрмадзæ» еугурвæрсугæй раргом кæнунбæл...

Уотемæй исбæрæг æнцæ дуккаг къæпхæни 15 конкурсанти. Етæ ба равдистонцæ сæ фæсурокти кусти туххæй æрмæгутæ, уæдта исаразтонцæ мастер-класстæ.

Кæронбæттæнмæ жюри равзурста 7 арæхстгиндæр ахургæнæги. Етæ идарддæр рахъæртун кодтонцæ профессионалон дæснидзийнади ерис – уотемæй исбæрæг æй конкурси регионалон къæпхæни уæлахездзау.

Фæстæдæр жюрий иуонгтæ куд радзурдтонцæ, уотемæй син æнцон нæ адтæй уæлахездзауи равзарун, уомæн æма ерисгæнгутæ равдистонцæ сæ кустбæл устур æновуддзийнадæ æма арф зонундзийнæдтæ. Фал уæддæр бæрæггонд æрцудæй ахургæнгутæн сæ хуæздæрти хуæздæр (æ ном ин фегъосун кæндзæнæнцæ сæрмагонд кадгин æмбурди).

Фембæлди кæронбæттæни Алибегти Эллæ зæрдиаг арфæ ракодта, конкурсмæ барæ ка дардта, еугур еци адæмæн:

– Арази дæн уæ зонундзийнæдтæй, æхцæуæн мин æй, уæ аллибони кусти еудадзугдæр нæуæг мадзæлттæй ке пайда кæнетæ, скъоладзаути зæрдити ахурмæ турнундзийнадæ ке игурун кæнетæ, уомæй.



Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№556.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 21.03.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 21.03.2022

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**
**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**